QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«15» Декавч 2021-y. №03-01/08-5648«____»-__________ 2021-j.

**Шымбай районлық**
**халық билимлендириў бөлими**
**баслығына**

Шымбай районлық халық билимлендириў бөлимине караслы 27-санлы улыўма орта билим бериў мектеп караўылы ***«Шымбай районы 27-санлы улыўма орта билим бериў мектеп директоры Б.Калмуратовтың ис-ҳәрекетлеринен наразылығы ҳаққында»*** (ҚР ХБМ 10.12.2021. 653-саны менен кирис етилген) мүрәжат еткен.

Усы мүнәсибет пенен Сизден, мүрәжатты Өзбекстан Республикасының 2017-жыл 11-сентябрь күнги ЎРҚ-445-санлы ***«Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары ҳаққында»***ғы Нызамының 25-статьясына муўапық, мүрәжатта көрсетилген мәселелерди ўәкиллигиңиз шеңберинде тийисли қәнигелериңиз бенен биргеликте белгиленген тәртипте үйренип шығыўыңызды, анықланған нызам бузыўшылық жағдайларын сапластырыўыңызды ҳәм нәтийжеси бойынша, усы жылдың 22-декабрь күнине шекем министрликке ҳәм мүрәжат ийесине тастыйықлаўшы ҳүжжетлери (мүрәжат ийелерине жиберилген квитанциясы, канаатланғанлығы бойынша түсиник хаты) менен жуўап бериўиңизди сорайман.

*Шымбай районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 27-санлы улыўма орта билим бериў мектеп оқытыўшысы Кулекеев Ерназардың еткен мүрәжаты электрон көринисте қосымша қылынады.*

**Министрдиң орынбасары** **Ш.Таджимуратов**

*Таярлаған: Б.Байниязов*
*Тел: 8-361-222-98-88, 97 222-98-88*
*E-mail: kr_yoshlik@mail.ru*

**Каракалпакстан Республикасы халык билимлендириў министри Р.Реймовқа**

Мен Кулекеев Ерназар Маликович Шымбай районы Бахытлы АПЖ Кара-сыйрақ аўылында жасайман. Тел: +998338982520

## АРЗА

Мен Кулекеев Ерназар Шымбай халык билимлендириў болимине караслы 27-санлы мектепте 10.02.2020-жылдан берли техник штат бойынша карауыл лаўазымында жумыс ислеп киятырман.

Усы кунге шекем ислеп келген жумысымнан ҳеш кандай нызам бузыўшылық келип шықпады, хам интизамий жазаларга тартылмадым.

2019-жыл 28-декабрь кунги 406-санлы буйрыгына тийкар ўлыума орта билим бериў мектеплериниң техник хызметкерлериниң штат бирликлерине озгерис киритилип <u>**от жағар**</u> штат лаўазымына кыскарыў келди, бирақ соган қарамастан 27-санлы мектеп директоры ягный Б.Калмуратов озинин лаўазымынан пайдаланган халда Т.Далекеев, К.Узакбаев, О.Серимбетов, хам мен Е.Кулекеевтен еки ай муддетке 0,75 штат болып турасыз деп алдап 0,25 штатымызды алып озиниң туўыскан ағасы Р.Калмуратовка берди.

Соган карамастан мен **1-штат** карауылдын жумысы ягный айтканда ***24 саат*** дауамында бир жыл алты айдан берли сменада турып киятырман.

Мениң хаялым ауыр дартке шалынып дуньядан коз жумды карамагымда үш жаска шыкпаган Б.Маликова атлы кыз перзентим бар жалғыз бағыўшысыман, сол себепли Мектеп директоры Б.Калмуратовка сен бизлерге еки ай муддетке деп един касымдағының штатын бир штатқа кайтарып бердиң, ағанның штаты бир штат бизин штат бирлигимди хәм кайтарып бер деп илтимас еттим хам 2021-жыл сентябрь айында толық бир штатка кайтарып берип, мени нызамсыз турде асассыз ярым саатка кешиктиң деп жумыстан босатты, Өзбекстан Республикасы Мийнет кодексинде себепсиз уш саат даўамында жумыска келмесе, ямаса ишкен халда жумыска келсе, мийнет шартнамасы токтатылады деп корсетилген, менде ондай халат улыума болмады, менин себебим бар ягный айтқанда уш жаска шықпаған баламды аўкатландыраман, озиме бауыр басып калганлыгы себепли алжастырып уйден шығып кетиуим ушын хам ярым саат кетип калады.

1. Озбекстан Республикасы Халық билимлендириў министри Шерматовтын 406-санлы буйрығында от жағар штат кайта корилсин деп корсетилген.

Карауыллардың штат бирликлери кыскартылсын деген жери корсетилмеген.

QR XALİQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI
KIRIS № 653
"10" 12 2021 ж.

2. Үш жаска шыкпаган балам бар екенлигин инабатка алган жок 0,25-штат бирлигимди алып бир жыл алты ай дауамында кайтып берген жок, буйрыкта 0,75 штат болыўыма карамастан 1-штаттын жумысын ислеп ягный 24-саат даўамында карауыл болып постта турып келдим. Усы ўақытқа шекемги бир жыл алты ай дауамында мени жумсаған айырма (разница) пулларымды ондирип бериўинизди.

3. Мени нызамсыз жумыстан босатып менин жас балам болыуына карамастан кошеде калдырып, бос журген кунлеримде маган маральный азап берди кошеде калдын деп устимнен кулди, ауырып калдым дари дармаққа пул таўалмай карызланып журдим 05.11.2021жыл ӨзКАФнын Каракалпакстан кенеси мийнет ҳуқык инспекциясы тарепинен кайта тиклендим орныма сол себепли маган жеркерилген материаллық хам мораллық зыянлар ушын **4000.000** ***(торт миллион)*** муғдарында компенсация пулларын ондирип бериўинизди соранаман.

4. Менин бузылған Конститутциялык хукукларымды кайта тиклеўге, жеткерилген материаллык хам мараллык зыянларды ондириуге, бос журген кунлеримнин ис хакысын алыўга хам тийисли тартипте жокары турыушы орган ретинде уйренип амелий жардем бериўинизди соранаман.

Косымша 3 бет

**Талапкер:** **Е.Кулекеев**

O'ZBEKISTON KASABA UYUSHMALARI FEDERATSIYASINING QORAQALPOG'ISTON KENGASHI

O'zbekiston kasaba uyushmalari Federatsiyasi

ÓZBEKSTAN KÁSIPLIK AWQAMLARÍ FEDERACIYASÍNÍŃ QARAQALPAQSTAN KEŃESI

230100, Nukus shahri, A.Temur ko'chasi 120. Tel.: (61)222-97-16 faks: (61)222-97-16 www.qqr.kasaba.uz e-mail: nukus@kasaba.uz
230100, Nókis qalası, A.Temur kóshesi 120. Tel.: (61)222-97-16 faks: (61)222-97-16 www.qqr.kasaba.uz e-mail: nukus@kasaba.uz

№ ПТ-47
« 05 » ноябрь 2021

**Шымбай районы 27-санлы улыўма орта билим бериў мектеби директоры Б.Қалмуратовқа**

Көширмеси: М.Кулекеев ҳәм Е.Кулекеевлерге
*Шымбай районы Бахытлы АПЖ*
*Қарасыйрақ ауылы*

## КӨРСЕТПЕ

Жумыс орнына қайта тиклеў ҳәм мәжбүрий бос жүрген күнлерине ис ҳақы төлеў ҳаққында

Өзбекстан кәсиплик аўқамлар Федерациясының Қарақалпақстан кеңеси мийнет хуқық инспекторы тәрепинен пукара М.Кулекеевтиң *«баласы Кулекеев Ерназар Шымбай районы 27-санлы мектепте қараўыл болып ислеп, келини қайтыс болып жас баласына қараў менен жумыста жиберген қәте-кемшиликлери ушын деп жумыстан босатып атырғанынан наразы болған, ҳеш ким толық жумыс ўақтын ислемейтуғынын, ағайын-туўысқанларын жумысқа алып қойғаны, баласын жумыста қалдырыўды жәрдем етип, Б.Қалмуратовқа шара көриўди сораған»* мазмундағы мүрәжаты үйренип шығылғанда төмендегилер анықланды.

Ҳүжжетлерге қарағанда, Шымбай районы 27-санлы мектептин 10.02.2020-жыл 9-санлы буйрығы 8-санлы мийнет шәртнамасы менен Е.Кулекеев мектепке 3 ай сынаў мүддети менен қараўыл лаўазымына жумысқа қабыл етилген.

Е.Кулекеевке оның жумыс орнында болмағанлығы жөнсиз ис-ҳәрекетлери ушын мектеп директорының 08.07.2021-жыл күнги 28-санлы буйрығы менен "Сөгис", 24.07.2021-жыл күнги 29-санлы буйрығы менен "ис ҳақысынан 30 пайыз жәрийма" интизамый жазасы берилип, 2021 жыл 5-октябрь күни ярым саатқа жумысқа кеш келгени, 9-октябрь күни бир саат жумыс орнында болмағанлығы жөнсиз ис-ҳәрекетлери ушын 14.10.2021-жыл күнги буйрығы менен Е.Кулекеевтиң мийнет шәртнамасы бийкар етилген.

Дүзилген ҳүжжетлерде ҳәм Е.Кулекеевтиң түсиндириўлерине қарағанда, жумыста болмаслық себеби 3 жасқа толмаған перзенти Маликова Бибисанемге қараў менен байланыслы болғанлығы көринеди.

Себеби III-QQ № 0019070 санлы өлим ҳаққында гүўалығына қарағанда Е.Кулкеевтиң өмирлик жолдасы Жолдасбаева Гулбану Турғанбай қызы 03.05.2021-жыл күни 21 жасында қайтыс болған, қызы Маликова Бибисанем Е.Кулекеевтиң қарамағында қалған.

Өзбекстан Республикасы Мийнет кодексиниң 238-статьясына муўапық "Ҳаяллларға аналық пенен байланыслы ҳалда берилетуғын кепилликлер ҳәм жеңилликлер (түнги жумысларға ҳәм жумыс ўақтынан тысқары жумысларға, дем алыс күнлериндеги жумысларға тартыўды ҳәм хызмет сапарларына жибериўди шеклеў, сондай ақ қосымша дем алыслар бериў, жеңилликли жумыс режимлерин орнатыў ҳәмде мийнет ҳаққындағы нызамлар ҳәм басқа норматив ҳүжжетлерде белгиленген басқа кепилликлер ҳәм жеңилликлер), анасыз балаларды (ана қайтыс болған, аналық хуқықларынан айырылған, узақ ўақыт емлеў мәкемелеринде болған ҳәм балалары ҳаққында ана сыпатында ғамхорлық қылмаған басқа ҳалларда) тәрбиялап атырған әкелерге, сондай ақ жас өспирим балалардың ўәсийлерине (қайырқомларына) де қолланылады.

Усы статьяның биринши бөлиминде көрсетилген кепилликлер ҳәм жеңилликлер, сондай ақ ата-ана ғамхорлығыдан айырылған балаларды әмелде тәрбия қылып атырған кемпир апаға, атаға яки басқа ағайынлергеде бериледи.” деп нызамда белгиленген болса, усы Кодекстиң 237-статьясына көре үш жасқа толмаған баласы бар ҳаяллар менен дүзилген мийнет шәртнамасын жумыс бериўшиниң басламасы менен бийкарлаўға жол қойылмайды.

Бул нызамдағы кепиллик қарамағында 3 жасқа толмаған перзенти барлығы ҳәм перзенттиң анасы қайтыс болғанлығы себепли әкеге, яғный Е.Кулекеевқа қарата қолланылады ҳәм оның мийнет шәртнамасын жумыс бериўшиниң басламасы менен бийкар етиўге жол қойылмайды.

Сондай-ақ, Е.Кулекеевтиң мийнет шәртнамасын жумыс бериўшиниң басламасы менен бийкар етиўде мектеп кәсиплик аўқам комитети келисими Өзбекстан кәсиплик аўқамлары Федерациясы Атқарыў комитетиниң 19.03.2021-жылғы 2-37 “с” санлы қарарының 3-қосымшасы менен тастыйықланған “Кәсиплик аўқам органларында мийнет шәртнамасын жумыс бериўшиниң басламасыне көре бийкар етиў ҳаққындағы усынысын көрип шығыў Тәртиби”не муўапық алынбастан, Өзбекстан Республикасы Мийнет кодексиниң 101-статьясы талабы ҳәм бузылған.

Өзбекстан Республикасы Мийнет кодексиниң 111, 271 статьяларына көре мийнет шәртнамасы нызамсыз яки белгиленген тәртип бузылған ҳалда бийкар етилгенде, жумыс бериўшиниң өзи, суд яки мийнет даўын көриўши орган хызметкерди алдыңғы жумысына тиклеўи лазым деп белгиленген.

Сонлықтан Е.Кулекеевтиң бузылған ҳуқықларын тиклеўге жатады.

Мийнет ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерин бузыў ҳәрекетлери ушын лаўазымлы шахслар нызамға муўапық тийисли жуўапкершиликке тартыўға, хызметкер пайдасына руўхый зыян, мәслаҳат алыў, суд исин жүритиў ушын кеткен қәрежетлерин өндириўге, сондай-ақ кәрхана есабынан мәжбүрий бос жүрген күнлери ушын төленген ис ҳақы муғдарын нызам талапларын бузған лаўазымлы шахслардан өндириўге себеп болады.

**Жоқарыдағыларға асас, Өзбекстан Республикасы Мийнет Кодексиниң 9-статьясы, «Физикалық ҳәм юридикалық шахслар мүрәжатлары ҳаққында»ғы Нызамның 23-статьясы, «Кәсиплик аўқамлар ҳаққында»ғы Нызамының 27, 35, 44-46 статьясына муўапық сорайман:**

1. Шымбай районы 27-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң 14.10.2021-жыл күнги буйрығын бийкар етип, Е.Кулекеевти өз лаўазымына қайта тиклеўиңизди;
2. Е.Кулекеевке мәжбүрий бос жүрген күнлери ушын айлық ис ҳақысын төлеўиңизди;
3. Усы көрсетпениң орынланыўы ҳаққында, көрсетпе алынған күннен баслап 3 (үш) күн мүддет ишинде Мийнет ҳуқық инспекторына ҳәм мүрәжат ийелерине жазба мәлимлеме бериўиңизди.
4. Көрсетпеге жуўап хатына қосымша рәўиште 03.11.2021-жыл күнги УЖ 06/1111-санлы хат пенен соралған ҳүжжетлердиң ксеронусқасын қоса жоллаў соралады.

**Еслетпе:** *Көрсетпе белгиленген мүддетлерде көрип шығылмаған жағдайда, лаўазымлы шахсларға Өз.Р ҲЖҳКниң 49-ст. менен шара көриў ҳаққында Мәмлекетлик мийнет ҳуқық инспекциясына усыныс киритиледи.*

Көрсетпе екинши мәнзилге (Е.Кулекеевке) мағлыўмат ушын ҳәм арзаңызға жазба жуўап ретинде жиберилмекте.

Егерде усы көрсетпе орынланбаған жағдайда пуқаралық ислер бойынша Шымбай районлар ара судына даўа арза киритилиўи, жақын-ағайынлар менен ислесиў бойынша хуқық қорғаў уйымларына, арзаңыз нәтийжесинен ҳәм берилген жуўаптан наразы болсаңыз жоқары шөлкемимизге яки тиккелей судқа шағым етиў ҳуқықларыңыз барлығы түсиндириледи.

**ӨзКАФның Қарақалпақстан кеңеси**
**мийнет ҳуқық инспекторы** **П.Турсынов**

тел. +99891-384-21-90

QR
XBM SHIMBAY RAYONI
27-SANLI ULIWMA ORTA
BILIM BERIW MEKTEBI
QR
XTV CHIMBOY TUMANI
...ONLI
...IM MAKTABI
1 март 2020 й.
№

Шымбай районлык ХББне карaслы 27-санлы улыума орта билим бериу мектеби техник хызметкери Кулекеев Ерназарга

**БИЛДИРИУ**

Сизге 2020-жыл апрель айынан баслап Озбекстан Республикасы Халык Билимлендириу Министри Ш.Шерматовтын 2019-жыл 28-декабрь 406-санлы буйрыгына тийкарланып тизимдеги улыума орта билим мектеплери хызметкерлеринин штат расписаниесине озгерис киритилиуине байланыслы ислеп атырган 1 ставканыз 0,75 ставкага тусирилетугынлыгын малим етемен.

**Мектеп директоры** **Б.Калмуратов**